लेखक: Edward Hughes
ब्याख्याकर: Janie Forest
अनुवादकः सुरेश मसीह
अनुकूलित: Ruth Klassen

कहानी 15 से 60

www.M1914.org

Bible for Children, *PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada*

अनुज्ञापत्रः आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।

Bhojpuri


एगो इस्राएली, गिदोन की पास, गेहूं क फसल के विकसित करे खातिर गुप्त जगह रहल।
3
मिद्यानियन के इ जगह की बारे में पता ना रहल – लेकिन परमेश्वर के मालूम रहल! परमेश्वर आपन दूत भेज के गिदोन की खातिर एगो संदेश भेजलें।
4
परमेश्वर चाहत रहलन की गिदोन अपनी ही पिता क झूठ देवता वाली छवि के नष्ट करके सच्चा परमेश्वर खातिर एगो वेदी क निर्माण करे।
5
हालांकि गिदोन डेरात रहलन की देशवासी उनके मार डलिहें, पर उ उहे कइलन जेवन परमेश्वर उनके आज्ञा दिहलन।
6
परमेश्वर इहो चाहत रहलन की गिदोन दुष्ट मिद्यानियन की खिलाफ इस्राएल की सेना क नेतृत्व करें। लेकिन गिदोन डेरात रहलन। उ परमेश्वर से विशेष चिन्ह के मंगलन जे से मालूम होखे कि परमेश्वर उनकी संगे बाड़न। फिर उ जमीन पर एगो रोवेंदार चर्मपत्र के रखलन।
7
"गिदोन प्रार्थना कइलन," यदि ओस खाली ऊन पर गिरी, अउर बाकी सब जमीन सूखल रही, "तब फिर हम जान लेइब, कि जइसन तू कहले हउवअ कि तू हमरी हाथन द्वारा इस्राएल के बचइबअ।"
8


सुबह में, जमीन सुखल रहे, लेकिन ऊन गीला, पूरा भिगल रहे!
9

गिदोन अब भी संदेह कइलन। अब उ चाहत रहलन की परमेश्वर केवल जमीन पर ओस भेजें अउर उस ऊन पर बिलकुल नाहीं। अगिला सुबह - जमीन गीला रहल लेकिन उ ऊन एक दम सूखल रहल!
10


गिदोन 32,000 की फौज की साथ बाहर निकललन। परमेश्वर खाली 300 पुरुषन की खातिर अनुमति दिहलें।
32,000
10,000
300
11


परमेश्वर ना चाहत रहलें कि इस्राएल कहे की "हमनी क अपनी हाँथन की बल से जीत हांसिल कइलीं हँजा।" खाली यहोवा ही इस्राएल क एक मात्र मुक्तिदाता रहलें।
32,000
10,000
300
12

ई जानत हवे की गिदोन अभी भी डेरात हउवन, परमेश्वर चुपके से एगो मिद्यानी सैनिक के अजीब सपना की बारे में दूसरा से बतावत सुने दिहलन। सपना में, रोटी क एगो पाव एगो मिद्यानी तम्बू की खिलाफ आइल अउर ओके नष्ट कर दिहलस।
13


दूसरा सिपाही डर गइल। "ई त ... गिदोन क तलवार हअ ..." उ चिल्लाइल। गिदोन सपना क अर्थ सुनला की बाद, ई जान लिहलन अब परमेश्वर उनके बिजयी बनावे जात रहलन।
14

गिदोन एक रात हमला क योजना बनवलें। उ हर एक सैनिकन के एगो तुरही दीहलन, अउर अंदर मशालन की साथ खाली घड़ा भी दिहलन। उ मिद्यानी सेना के घेर लिहलन लोग।

15

गिदोन की संकेत की अनुसार, सैनिक तुरही बजा दिहलन, उ घड़ा के तूर के मशालन के जला लिहलन जा। ई केवनी चीज क शोर हअ! उ सब भ्रम में डर गइलें अउर मिद्यानी सब उठके भाग गइलन सअ।



16

ए महान जीत की बाद इस्राएल के पुरुष लोग उन पर शासन करे खातिर गिदोन से निवेदन कइलें। "गिदोन उत्तर दिहलन, हम नाहीं पर यहोवा सब पर शासन करीहन।"



17

उ जानत रहलन कि लोगन के जीवन पर शासन करे क अधिकार सिर्फ परमेश्वर क हअ।



18

गिदोन क छोटकी सेना

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

न्यायियोँ 6-8

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

ईश्वर जानेलन कि हमनी के बुरा करम कइले बानी जा जेकरा के उ पाप कहेलन । पाप के दण्ड मौत ह।

ईश्वर हमनी के एतना प्यार करेलन कि उ आपना एक मात्र बेटा यीशु के घरती पर भेजलन कि उ क्रूस पर मर जास आ हमनी के पाप के दण्ड अपने चुकावसु । यीशु जीगइलन आ परलोक गइलन । अब ईश्वर हमनी के पाप क्षमा कर सकेलन ।

यदि रउआ भी अपना पाप से दूर होखल चाहतानी ईश्वर से इ बात कहीं : हे प्रियवर यीशु हम विश्वास करीना कि यीशु हमनी खातीर मर गइलन आ अब जीवित बाडन । मेहरबानी करके रउआ हमरा जीवन मे आ जाईं अउर हमरा पाप के क्षमा दीही ताकि हमरा के नया जीवन मिल सको । अउर हम हमेशा रउरा संगे रह सकी । हमरा के रउआ मदद करी कि हम राउर बच्चा के तरह रउरा खातीर जी सकी आमीन ।

हमनी के बाइबिल पढीजा आ रोज दिन ईश्वर से बात करीजा !